




Depistaj pou Bezwen Sosyal ki gen Rapò ak Sante (HRSN - an Anglè)

Sante w ak byennèt w trè enpòtan pou nou nan Mass General Brigham and Spaulding Rehabilitation. Nou konprann ke pou w an sante vle di plis pase pran medikaman w e ke byennèt sosyal enpòtan pou kenbe bon sante. Bezwen sosyal ki gen rapò ak sante (HRSN), tankou pwoblèm pou jwenn bon jan manje, transpò, oswa lojman, se kèk nan bezwen ki pa medikal ki ka afekte sante.

Sante ou enpòtan pou nou. Atravè depistaj, nou ka travay ansanm avèk ou pou devlope entèvansyon vize epi reyalize pi bon rezilta sante.

Kesyon ki Poze Souvan

Poukisa yo poze m kesyon sa yo? Poze kesyon sou bezwen sosyal ki gen rapò ak sante ede nou pi byen konprann bezwen espesifik moun yo ansanm ak kominote nou sèvi yo. Nou ankouraje w pou reponn yon kesyonè depistaj tou kout pandan sejou lopital ou oswa vizit nan klinik ou, menm si ou pa bezwen okenn resous nan moman sa a.

Ki moun Spaulding Rehabilitation poze kesyon sou bezwen sosyal ki gen rapò ak sante? Spaulding Rehabilitation patisipe nan depistaj pou bezwen sosyal ki gen rapò ak sante paske nou sousye nou pou tout bezwen pasyan nou yo. Nou poze tout pasyan kesyon sa yo.

Kisa k ap pase enfòmasyon sa yo? Enfòmasyon ou pataje yo pral tounen yon pati nan dosye sante konfidansyèl ou pou ede founisè swen sante w yo konprann bezwen w yo.

Lè yo konprann bezwen ki pa medikal, ekip nou yo ka konekte ou ak resous nan kominote a ki ka amelyore sante ou deyò lopital la oswa klinik la.

Anpil nan sèvis sa yo pa koute chè oswa yo gratis. Enfòmasyon ou pataje avèk nou yo p ap afekte sèvis medikal ou resevwa yo oswa benefis asirans ou yo.

Konbyen fwa yo pral poze m kesyon sa yo? Yo ka poze w kesyon sa yo kòm pasyan ki entène oswa nan vizit nan klinik ekstèn. Yo ka mande w detanzantan pou aktyalize enfòmasyon w yo.

Èske mwen oblije reponn kesyon sa yo? Pa gen okenn egzijans pou reponn nenpòt kesyon, epi ou ka mete fen nan depistaj la nenpòt ki pwen.